

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Métodologi Panalungtikan

Asal kecap panalungtikan téh tina basa Inggris *research*, hartina tarékah atawa pagawéan pikeun néangan hal nu bari dilakukeun. Métonde nu digunakeun kudu sistematis sarta bisa dipaké pikeun ngaréngsékeun jeung ngajawab sagala pertanyaan tina éta pasualan. Jadi, métonde panalungtikan téh nyaéta salasihiji cara atawa jalan pikeun nyangking data tina sakabéh pasualan nu aya (Subagyo, 2006, kc. 2). Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 351), métonde panalungtikan nyaéta hiji cara pikeun nyangking pangaweruh atawa jalan pikeun ngaréngsékeun pasualan nu disanghareupan, sarta dilakukeun sacara ilmiah, sistematis, jeung logis.


Dina panalungtikan kudu ngagunakeun pamarekan jeung métonde. Pamarekan nu digunakeun dina panalungtikan ngeunaan naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De nyaéta pamarekan kualitatif nu ngagunakeun métonde déskriptif analisis jeung téhnik talaah pustaka. Nurutkeun Artikunto (2013, kc. 22) pamarekan kualitatif nyaéta pidangan anu mangrupa kekecapan atawa tinulis anu ditalungtik ku panalungtik tur ditémbongkeun sacara teleb pikeun meunangkeun ma’na nu aya dina objék panalungtikan. Patali jeung éta ieu panalungtikan maké métonde déskriptif. Nurutkeun Ratna (2013, kc. 52) métonde déskriptif digunakeun saupama miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun kajadian dina waktu anu keur lumangsung.

Patali jeung pamarekan kualitatif, ieu panalungtikan ngagunakeun métonde déskriptif analisis, Ratna (2013, kc. 53) nétélakeun yén métonde déskriptif analisis nyaéta métonde anu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, nu tujuanana pikeun meunangkeun unsur-unsur, nu satuluyna dilaksanakeun kana tahap analisis. Jadi, saméméh ngalaksanakeun tahap analisis, panalungtik kudu ngadéskripsikeun fakta-fakta nu aya dina objék nu rék dianalisisna. Jadi, métonde déskriptif analisis téh nyaéta métonde nu dilaksanakeun pikeun meunangkeun pasualan-pasualan faktual, anu dituluykeun kana tahap analisis.

Métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita jeung psikoanalisis nu aya dina naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De.

3.2 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik dina prak-prakan panalungtikan. Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan ébréh dina bagan 3.1 di handap.



Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salasahiji léngkah nu paling utama (*stratégi*) dina hiji panalungtikan. Éta hal miboga tujuan pikeun meunangkeun data. Upama téhnik ngumpulkeun data teu jelas, panalungtikan moal bisa meunangkeun data nu standar jeung nu geus ditangtukeun (Sugiyono, 2011, kc. 224).

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Ieu téhnik mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Ieu téhnik digunakeun nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data jeung néangan sumber data séjén anu patali jeung ieu panalungtikan

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281) ngolah data mangrupa proses anu ngagunakeun rumus atawa aturan anu saluyu jeung pamarekan panalungtikan atawa désain panalungtikan. Téhnik anu dipaké nyaéta téhnik analisis. Dina ieu panalungtikan, hal anu dianalisis nyaéta struktur anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita sarta psikologina dumasar tiori Sigmund Freud anu ngabagi struktur kapribadian jadi tilu katégori, nyaéta *id*, *égo*, jeung *superégo*.

Léngkah-léngkah dina nganalisis ieu data panalungtikan, nyaéta

- 1) maca jeung maham kana naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De;
- 2) nganalisis struktur carita jeung struktur formal dina naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De;
- 3) nganalisis unsur psikologi sastra (psikoanalisis) dina naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De;
- 4) nyieun kacindekan tina analisis data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun meunangkeun jeung nyusun klasifikasi data dumasar kana masalah. Data mangrupa bahan anu kacida pentingna pikeun panalungtikan. Ku kituna instrumén panalungtikan ogé mangrupa alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2013, kc.

An’nur Rifki Rustandi, 2022

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA NASKAH DRAMA “DAYEUH SIMPÉ” KARYA LUGIENA DE

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

262). Instrumén panalungtikan dipaké sangkan nganalisis data bisa leuwih gampang jeung hasilna leuwih akurat. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Instrumén kartu data digunakeun pikeun nganalisis struktur drama jeung psikologi anu aya dina naskah drama “Dayeuh Simpé”. Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta buku-buku anu aya patalina jeung panalungtikan.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Conto Kartu Data Téma

<p>Kartu Data Téma</p> <p>Téma:</p> <p>Cutatan:</p>

Gambar 3. 1 Conto Kartu Data Téma

Conto Kartu Data Galur

<p>Kartu Data Galur</p> <p>Bagian:</p> <p>Cutatan:</p>
--

Gambar 3. 2 Conto Kartu Data Galur

Conto Kartu Data Latar

<p>Kartu Data Latar</p> <p>Jenis Latar:</p> <p>Cutatan:</p>

Gambar 3. 3 Conto Kartu Data Latar

Contoh Kartu Data Tokoh jeung Penokohan

<p>Kartu Data Tokoh jeung Penokohan</p> <p>Jenis Tokoh:</p> <p>Ngaran Tokoh:</p> <p>Watek Tokoh:</p>
--

Gambar 3. 4 Conto Kartu Data Tokoh jeung Penokohan

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Kartu Data Analisis Struktural

Nomer	:	
Cutatan	:	
Analisis	:	(alur, tokoh, jeung latar) (puseur paniten, gaya basa, jeung amanat)

Gambar 3. 5 Kartu Data Analisis Struktural

Kartu Data Analisis Psikologi Sastra

Kartu Data Analisis *Id*

Nomer	:	
Cutatan	:	
Analisis	:	(<i>Id</i>)

Gambar 3. 6 Kartu Data Analisis *Id*

Kartu Data Analisis *Égo*

Nomer	:	
Cutatan	:	
Analisis	:	(<i>Égo</i>)

Gambar 3. 7 Kartu Data Analisis *Égo*

Kartu Data Analisis *Superégo*

Nomer	:
Cutatan	:
Analisis	: (<i>Superégo</i>)

Gambar 3. 8 Kartu Data Analisis *Superégo***3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan**

Pikeun meunang hasil panalungtikan anu rélevan, hal penting nu teu bisa dilésotkeun dina prosés panalungtikan nyaéta maluruh data jeung sumber data.

3.5.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita, struktur formal jeung analisis psikologi sastra dina naskah drama “Dayeuh Simpé”. Struktur carita ngawengku téma, fakta carita (galur, tokoh, jeung latar) jeung sarana carita (puseur panitén, gaya basa, jeung judul). Ogé medar unsur psikologi sastra nu ngawengku *id*, *égo*, jeung *superégo*.

3.5.2 Sumber Data**3.5.2.1 Biografi Pangarang**

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék nu bisa dipaké pikeun nyangking data. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh data nu aya dina naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De. Ieu naskah drama teu sacara resmi dipedalkeun atawa dibukukeun. Naskah drama “Dayeuh Simpé” mangrupa naskah drama anyar nu kungsi dipintonkeun jeung diajengkeun dina Festival Drama Basa Sunda ka 17 taun 2016. Ieu naskah drama nu diwangun ku 22 kaca téh ditulis tina PDF make hurup *Times New Roman*, ukuran font 12, ditulis di Cibiru sasih Novémber 2015 ku Lugiena De. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumbangsih pikeun dunya kasusastraan Sunda, hususna widang drama.

An’nur Rifki Rustandi, 2022


ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA NASKAH DRAMA “DAYEUH SIMPÉ” KARYA LUGIENA DE

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sumber data nu dimaksud dina ieu panalungtikan té nyaéta naskah drama “*Dayeuh Simpé*” karya Lugiena De saperti di handap.

Judul Naskah	: “Dayeuh Simpé”
Pangarang	: Lugiena De
Pamedal	: -
Taun Medal	: 2015
Jumlah Kaca	: 22

Gambar 3. 9 Sumber Data



Gambar 3. 10 Cover Sumber Data